

## BAB V

### Kacindekan jeung Saran

#### 1. Kacindekan

Dongéng atawa mitos nurutkeun Levi Strauss, nya éta hasil tina mékanisme *human mind* atawa nalar manusa, éta hal kapanggih dina struktur-struktur anu tangtu nalika nganalisisna. Ieu pamarekan dibuktikeun dina analisis dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai. Salian ti éta, dongéng-dongéng anu kapaluruh dianalisis ogé ajén étnopédagogikna sarta diimplementasikeun kana bahan pangajaran maca dongéng di SMA. Dongéng-dongéng anu kapaluruh di tutugan Gunung Ciremai, sakabéhna aya dalapan, tina genep wilayah kecamatan. Di antarana dongéng “Munding jeung Oray Laki (MOL)”, “Asal-usul Oray Sanca teu Boga Peurah (AOSBP)”, “Asal-Usul Paré (AUP)”, “Si Grahwana jeung Uyut Hawu (SIGUH)”, “Céwéranda (CWR)”, “Sasakala Situ Cipariuk (SSC)”, “Panduka jeung Linansék (PJJ)”, jeung “Lutung Kasarung (LK)”.

Dina ngalarapkeun pamarekan strukturalisme Levi Strauss (dina Ahimsa, 2001:61), ngahasilkeun dua struktur nya éta struktur luar jeung struktur jero. Struktur luar dongéng nya éta dongéngna atawa caritana sorangan. Tuluy, éta dongéng némbongkeun episode-episode carita, di antarana episode-episode dongéng *MOL*: 1) Dugul, Anggana jeung Anggani dipiceun ka tutugan gunung, 2) Si Dugul, Anggana jeung Anggani kasasar, 3) Si Dugul, Anggana, jeung Anggani robah jadi munding jeung oray, 4) nasib Si Dugul, Anggana jeung Anggani. Dongéng *AOSBP*: 1) leuweung dipingpin ku oray sanca, 2) oray sanca diadukeun jeung heulang, 3) oray sanca ditipu, 4) perang. Dongéng *AUP*: 1) nyieun Balé Bandung, 2) Déwi Pohaci, Sangkala Buat jeung Bedug Basu, 3) kuburan Déwi Asri ngaluarkeun tutuwuhan, 4) hama paré, 5) Nawangwulan mulang ka Kahyangan. Dongéng *SIGUH*: 1) Uyut Hawu kokolot lembur, 2) panggih jeung naga, 3) Si Grahwana jeung lalampahan Si Dukun. Dongéng *CWR*: 1) kasambat di Céwéranda, 2) mindahkeun mahluk Goib. Dongéng *SSC*: 1) Embah Buyut Ikram dipitnah, 2) parebut warisan, 3) Situ Cipariuk. Dongéng *PJJ*: 1) Panduka jeung

Linansék lumampah, 2) nyieun lembur. Dongéng *LK*: 1) Putri Raja ngidam, 2) Aki jeung Nini Panyumpit teu hasil.

Hasil analisis unit-unit dina tiap episode dongéng ku cara *sintagmatik* jeung *paradigmatik*, *sinkronik* jeung *diakronik*, kapanggih *ceriteme-ceriteme* dina tiap dongéngna, di antarana *ceriteme* dongéng *MOL*: 1) R hayang kawin ka S, 2) S méré sarat, 3) DG, AA, jeung AI dipiceun ka tutugan Gunung Ciremai, 4) P nyusulan DG, AA, AI, 5) DG, AA, jeung AI kasasar, 6) AK méré pituduh jeung sarat ka DG, AA, jeung AI, 7) DG robah jadi oray, AA jeung AI robah jadi munding, 8) AA jeung AI ngaula ka budak katik angon, 9) DG dipiceun ka laut pangjerona. Dongéng *AOSBP*: 1) OS mingpin leuweung, 2) Sasatoan nyieun riungan, 3) OS diadukeun jeung H, 4) OS ditipu, 5) Peurah OS diparulungan, 6) OS éléh, 7) H jadi pamingpin, 8) Perang marebutkeun tahta, 9) Leuwung dicekel ku M. Dongéng *AUP*: 1) Cimata DA robah jadi tilu endog, 2) SGM ngangkat anak SB jeung BS, 3) DS tilar dunya, 4) Kuburan DS ngaluarkeun tutuwuhan, 5) SG nitah PS melak paré, 6) SGM nyerang pepelakan, 7) SW ngutus SJ, Talimendeng TG jeung TR, 8) PS sulaya kana jangji, 9) NW balik ka Kahyangan. Dongéng *SIGUH*: 1) UH jeung Masarakat ngayakeun ritual, 2) Panggih jeung naga, 3) Nyieun kamupakatan, 4) Jadina hawangan, 5) DN tapa ménta pituduh, 6) DN nipu SG, 7) SG susumbar. Dongéng *CWR*: 1) Masarakat loba nu kasambat, 2) KDM niat mindahkeun MG, 3) Mawa hayam jeung cai urut ngaléob, 4) Miceun MG ti Céwéranda, 5) Panto imah masarakat dicakraan, 6) KDM maot. Dongéng *SSC*: 1) EBI dipitnah, 2) Dipiceun ka Jember, 3) EBI ninggalkeun anak-pamajikan, 4) Parebut warisan, 5) Cai saberuk, 6) Situ Cipariuk. Dpngéng *PJL*: 1) Nyiar élmu kasampurnaan, 2) Gunung Gedé, 3) AK jueng NN milu, 4) PN, LN dijodokeun ka PS jeung PT, 5) Notor lembur, 6) Situs Hulu Dayeuh, Bujal Dayeuh jeung Birit Dayeuh. Dongéng *LK*: 1) P ngidam, 2) R nitah AP jeung NP, 3) Panggih jeung lutung, 4) Sribadongkol, Cisurian jeung Dépok, 5) AP jeung NP kawalahan, 6) Nyieun padépokan.

Hasil analisis struktur jero, katémbong struktur sajarah kahirupan dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai. Struktur sajarah kahirupan dina

dongéng *MOL*: kasang tukang tokoh, hirup di alam, hirup kumbuh di masarakat, néangan jati diri, jeung tujuan hirup. Dongéng *AOSBP*: ngawangun kakawasaan, nyanghareupan pasualan rahayat, konflik politik, jeung pamingpin nu diharepkeun. Dongéng *AUP*: kasang tukang tokoh, kahirupan di kulawarga jeung masarakat, martabat jeung kalungguhan, sarta oriéntasi hirup. Dongéng *SIGUH*: dibéré amanah, nyanghareupan pasualan, jeung nuntaskeun pasualan. Dongéng *CWR*: masalah jeung alam, kahirupan di masarakat, jeung nuntaskeun masalah. Dongéng *SSC*: ngawangun kakawasaan, nyanghareupan pasualan rahayat, dipiceun ka Jember, jeung tujuan hirup. Dongéng *PJL*: lumampah, mampir di hiji tempat, jeung tujuan hirup. Dongéng *LK*: kawajiban, moro ka leuweung, hirup di masarakat, jeung nangtukeun kahirupan.

Struktur jero dongéng ogé ngagambarkeun cara mikir masarakat nu boga carita. Dongéng *MOL* ngagambarkeun pola kulawarga, élmu pangaweruh jeung kualitas spiritual. Dongéng *AOSBP* ngagambarkeun patali jeung ajén moral pamingpin. Dongéng *AUP* ngagambarkeun sawangan hirup masarakat Sunda patali jeung kulawarga sarta oriéntasi kahirupanna pikeun meunangkeun kaberkahan. Dongéng *SIGUH* ngagambarkeun dédikasi jeung kaparigelan pamingpin. Dongéng *CWR* ngagambarkeun oriéntasi masarakat Sunda sangkan meunangkeun kasalametan dina ngajalankeun kahirupanna. Dongéng *SSC* ngagambarkeun wujud tina ajén kamanusaan. Dongéng *PJL* ngagambarkeun dasar hirup anu kudu dipibanda ku manusa, nya éta ngagunakeun akalna, miboga ajén kamanusaan, sarta konsép spiritual. Dongéng *LK* ngagambarkeun tarékah dina ngabdi ka nagara sarta ngabdi ka Pangéran. Salian ti éta, struktur jero dipatalikeun jeung kabudayaan Sunda nu jadi kasang tukang ayana carita, ngahasilkeun sababaraha konsép, di antarana konsép sineger tengah, sikep jeung moral pamingpin, kasalametan, pamingpin, gotong royong, welas asih, purwadaksi, jeung konsép kaharmonian.

Salian ti analisis struktural, dalapan dongéng anu kapanggih di tutugan Gunung Ciremai ogé dipedar maké ajén étnopédagogik, ngawengku paripolah nyunda tri-silas, catur diri insan, gapura panca waluya, jeung moral.

**AJI NURHAMZAH, 2017**

**DONGÉNG-DONGÉNG DI TUTUGAN GUNUNG CIREMAI**

**KABUPATEN KUNINGAN**

**PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI SMA**

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.ed perpustakaan.upi.edu

- 1) Tri-silas; kapanggih dalapan unsur silih asih, genep unsur silih asah jeung dalapan unsur silih asuh. Dongéng nu teu némbongkeun unsur silih asah nya éta dongéng *CWR* jeung *SSC*.
- 2) Catur diri insan; kapanggih genep unsur pengkuh agamana, dalapan unsur luhung élmunana, dalapan unsur jembar budayana, jeung tujuh unsur rancagé gawéna. Dongéng nu teu némbongkeun unsur pengkuh agamana nya éta dongéng *AOSBP* jeung *SSC*, sedengkeun nu teu némbongkeun unsur rancagé gawéna ukur dongéng *AOSBP*.
- 3) Gapura panca waluya; kapanggih dalapan unsur cageur, dalapan unsur bageur, dalapan unsur bener, dalapan unsur pinter, jeung genep unsur singer. Dongéng nu teu némbongkeun unsur singer nya éta dongéng *MOL* jeung *SIGUH*.
- 4) Moral, kapanggih lima unsur moral ka Pangéran, dalapan unsur moral ka pribadina, dalapan unsur moral ka manusa séjénna, tujuh unsur moral ka alamna, jeung tujuh unsur moral dina ngudag ka sugeman lahir jeung batinna. Dongéng nu teu némbongkeun moral ka Pangéran, dongéng *AOSBP*, *SSC*, jeung *LK*. Dongéng nu teu némbongkeun ajén moral ka alamna nya éta dongéng *LK*. Sedengkeun nu teu némbongkeun moral manusa dina nyumponan kasugemaan lahir batinna, nya éta dongéng *MOL*.
- 5) Dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA, lantaran jelas leunjeuran carita jeung ajénna, eusi luyu jeung karakter nu dipikabutuh ku siswa, bisa dijadikeun alat transformasi ajén-ajén nu nyangkaruk dina dongéng, sarta sakabéh dongéng mangrupa hasil tina mékanismeu *human mind* masarakat nu boga carita. Cara mikir nu aya dina dongéng, bisa dilarapkeun dina kagiatan diajar jeung kahirupan siswa.

## 2. Saran

Sabada maham dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai nu ditalungtik, mangrupikeun hasil imajinasi masarakat di sabudeureunna anu nuduhkeun ayana ajén-ajén anu bisa dilarapkeun dina kahirupan generasi kiwari,

AJI NURHAMZAH, 2017

*DONGÉNG-DONGÉNG DI TUTUGAN GUNUNG CIREMAI*

*KABUPATEN KUNINGAN*

*PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI SMA*

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.ed perpustakaan.upi.edu

lantaran kitu panalungtik hayang nepikeun saran, sangkan ajén kamangpaatan bisa karasa ku sakumna pihak.

- 1) *Pikeun pihak lembaga pendidikan*, ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan ajar maca dongéng di SMA.
- 2) *Pikeun pihak masarakat*, dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai wilayah Kabupaten Kuningan kudu dipikawanoh ku sakumna masarakat Kabupaten Kuninganna sorangan, umumna masarakat Indonésia.
- 3) Pikeun lembaga panalungtikan, ieu panalungtikan masih karasa jauh kénéh tina kasampurnaan jeung bener. Ku kituna, panalungtikan dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai wilayah Kabupaten Kuningan kudu dituluykeun deui. Hususna, nalika ngalarapkeun pamarekan struktural Levi Strauss nu dibarengan ku data-data étnograpi nu leuwih euyeub, panalungtik bakal ngarasakeun *human mind* atawa cara mikir masarakat nu boga carita leuwih jelas.